



Pou Piblikasyon Imedya: 9/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU ELAJI AKOMODASYON POU BAY TETE NAN ESPAS TRAVAY LA

Lejislasyon (S.4844-B/A.1236-A) egzije tout anplwayè nan New York yo pou yo bay espas ponpaj ki konvenab ak prive ki gen ladan plas pou chita, aksè nan dlo kouran ak elektrisite ak yon espas travay

Egzije tou anplwayè yo tou pou yo devlope ak aplike yon règleman ekri konsènan dwa anplwaye yo lè yo bay tete nan espas travay la

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon pou elaji akomodasyon pou bay tete nan espas travay la. Lejislasyon (S.4844-B/A.1236-A) egzije pou tout anplwayè nan New York pou asire espas ponpaj yo pratik ak prive, epitou pou yo gen ladan yo plas pou chita, aksè nan dlo kouran ak elektrisite, ak yon espas travay. Li pral mande anplwayè yo tou pou yo devlope ak aplike yon règleman ekri konsènan dwa anplwaye yo lè y ap bay tete nan espas travay la. Nouvo lejislasyon an pral asire ke tout anplwaye atravè eta a pral resevwa menm akomodasyon debaz ke anplwaye piblik yo resevwa kounye a.

"Chak manman k ap bay tete merite aksè nan yon espas ki sekirite, ijyenik ak konvenab pou ponpe nan espas travay la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè yo mande anplwayè yo pou yo bay bon jan akomodasyon, lejislasyon sa a ap ede anplwaye yo santi yo alèz ak jwenn respè lè y ap bay tete".

Lejislasyon (S.4844-B/A.1236-A) egzije tout anplwayè nan New York pou yo bay espas ponpaj konvenab, prive nan espas travay la ki gen ladan plas pou chita, aksè nan dlo kouran ak elektrisite, ak yon espas travay. Kounye a, anplwayè yo dwe bay poz rezonab epi fè efò rezonab pou bay yon espas pou anplwaye yo ponpe lèt tete, men estanda sa a tonbe pi ba egzijans ki an plas pou anplwaye gouvènman yo. Lejislasyon sa a pral asire ke tout espas travay atravè eta a gen espas ponpaj ki sekirite epi ki pwòp nan mande anplwayè yo pou yo elaji akomodasyon pou bay tete.

Nouvo lwa a pral egzije anplwayè yo tou pou yo adopte yon règleman Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York devlope konsènan dwa anplwaye yo lè y ap bay tete nan espas travay la. Anplwayè yo dwe bay chak anplwaye règleman

ekri lè yo anboche yo epi chak ane apre sa, ansanm ak anplwaye k ap retounen travay apre nesans yon timoun.

Senatè Eta Alessandra Biaggi te deklare, "Manman ki bay tete yo merite menm pwoteksyon ak akomodasyon swen sante yo, kèlkeswa kote y ap travay. Mwen fyè dèske Gouvènè Hochul te siyen S4844B, pwojè lwa mwen an pou mande anplwayè yo pou yo bay anplwaye yo aksè nan sal laktasyon prive. Pèsonn pa ta dwe janm oblije chwazi ant bay pitit yo tete ak travay yo, epi nou dwe kontinye asire ke espas travay atravè New York yo aksesib epi ekitab pou tout moun".

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, "Yo rekonèt anpil avantaj lèt tete yo epi yo ta dwe ankouraje fanm ki vle ponpe yo lè yo gen yon kote nan espas travay yo ki prive, pwòp, sekiritè epi ki gen ladan aksè nan dlo ak yon priz. Epi nou pa bezwen di ke anplwayè yo te dwe gen règleman ekri an plas ki sipòte kapasite yon fanm pou bay tete nan travay, epi pa mete fanm nan pozisyon pou yo oblije mande pou dwa pou yo pou bay tete oswa pou akomodasyon apwopriye. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li te pran mezi sa a pou sipòte manman k ap travay nan fason sa a".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418